





# 3<sup>rd</sup> Grade

## 4<sup>th</sup> Quarter Assessment

1. Kisa mo pèleren vle di? Si ou menm te yon pèleren fè yon kwa sou tout sa ou dwe pote nan yon pèlerinaj.



2. Moun tout kote pale yon lang. Èske w konnen ki lang moun ki viv nan peyi sa yo pale

Kore	
Etazini	
Kanada	
Meksik	
Frans	
Brezil	

3. Dlo ka pran fòm sa yo : bay egzanp pou yo

<u>Likid</u>	<u>Solid</u>	<u>gaz</u>

4. Mete adjectif sa yo nan bwat ki pou yo a :

Bon – bèl – frèt – fasil – dous - enteresan

<b>Adjektif</b>	<b>Adjektif Konparatif</b>	<b>Adjektif sipèlatif</b>
Long	Long pase	Pi long, trè long
Bèl		
Frèt		
Fasil		
Dous		
enteresan		

5. Yon **adjektif Kalifikatif** endike kijan moun yo, bèt yo, oswa bagay yo ye. mete yon **adjektif kalifikatif ki apwopriye** sou liy yo.



Yon \_\_\_\_\_ kay

Yon \_\_\_\_\_ moun

Yon \_\_\_\_\_ wout

Yon \_\_\_\_\_ pantaloon

6. Kilès nan foto sa yo ou ka itilize pou ranje yon pantalon?



7. Li ti istwa sa e reponn keksyon sa yo?

Bouki

Bouki se yon ti gason ki sòt anpil. Tout sa yo di li fè, li fè li alanvè. Yon jou, manman bouki voye li chèche yon po, pou li sèvi yon moun enpe dlo. Bouki ale, li pran po yon bèt ki t ap seche sou yon liy.

Yon lòt jou, mèt lekòl la di li vini lekòl avèk liv gramè li. Bouki vini ak grann li, sò Woz, nan lekòl la.



- a) Ki mo ki dekri pèsonaj la pi byen?
- b) Mo po gen de siyifikasyon. Ki diferans ki genyen ant de mo sa yo?
- c) Ki evènman nan istwa a ki pèmèt ou kronprann pwoblèm manman Bouki ak Bouki?
- d) Ki pi gwo pwoblèm ki gen nan istwa a?
- e) Site yon yon opinion ak yon fè nan istwa a?

#### 8. Ann li:


Chak sezon gen fwi pa yo. Gen anpil mango nan mwa Jen ak Jiwè. Tout zòn an Ayiti bay mango. Ou jwenn tout kalite mango: mango kòn ki sòti nan zòn Kafou Dewiso, mango madan fransik ki sòti tou pa tou nan peyi a, mango kannèl nan zòn Nò, mango fil nan zòn Pòtoprens, yon pakèt lòt... Nou pa kapab di kilès ki bi bon.

Chak mango gen gou pa yo, chak gen odè pa yo. Yo tout gen bon ji sikre ladan yo. Mango gen anpil vitamin. Mango se youn nan pi bon fwi nan peyi nou.


- a. Sipòte repons ou avèk detay ou pran nan istwa a?
- b. Kisa otè a ap konpare nan istwa a?
- c. Kijan mango yo diferan youn ak lòt?
- d. Ki resanblans ki genyen ant mango otè a site nan istwa a?
- e. Site opinyon otè a sou mango?

mango


Pòtoprens




Kafou Deriso



**Mango fransik**



**mango kanèl**



**mango kòn**

**mango fil**